



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**



Lwa Sanktyè Vil la nan Nouyòk.



Liy Dirèk Èd Legal Imigrasyon MOIA.



Rele 1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM - 6PM

Entèpretasyon disponib nan lang ou preferé.

Pou èd legal imigrasyon gratis ak konfidansyèl, imigran Nouyòk ka rele liy sipò legal imigrasyon MOIA.

Liy Dirèk NYC 24/7.



Rele 311

Di "Imigrasyon"

Entèpretasyon disponib.



Lwa imigrasyon konplike.

Pran prekosyon nou ak magouy legal imigrasyon oswa founisè magouyè ki ka endike fo pwomès.

Sonje byen: Yon notè piblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli oswa soumèt fòm imigrasyon pou ou. Yo pa dwe ba ou konsèy legal non plis.



Mayor's Office of
Immigrant Affairs

Ti liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

**Nouyòk apresye lavi
tout moun nan vil la.
Kèlkeswa estati
imigrasyon, nou vle w
santi w an sekirite lè
w ap viv isit la.**



Ki sa "Sanctuary City" vle di?



Nouyòk se yon "vil sanktyè" lè li gen pou wè ak imigrasyon.



Lwa vil sanktyè nan Nouyòk mete kèk limitasyon sou kapasite vil la pou kolabore ak ajans imigrasyon federal.



Lwa sanktyè nan Nouyòk pa vle di ke pèsòn nan Nouyòk pa ka fè fas a depòtasyon.

Kijan lwa
Nouyòk pwoteje
mwen?



Lwa sanktyè nou yo se bay priorite sou sekirite piblik, pwosesis jistis, ak konfyans sou ranfòsman imigrasyon.



Vil la gen lwa ki fèt pou pwoteje vi prive w.

Si w gen kesyon sou fason yon ajans planifye pou sèvi ak enfòmasyon li kolekte nan men w, ou ka mande yo.



Lwa Nouyòk mete limit pou tout ajans vil la konsènan kantite pwopriyete vil la, tan, ak resous ki ka itilize pou ede ranfòsman lwa imigrasyon federal.



**Kijan mwen ka
pwoteje tèt
mwen?**





1

Fè plan fanmi w.



Chwazi yon kontak ijans epi sonje nimewo telefòn yo. Yon kontak ijans ka yon moun ou fè konfyans – yon manm fanmi, zanmi, lidè kominotè, oswa yon avoka.



Òganize dokiman w yo epi mete yo nan yon plas ki an sekirite ke kontak ijans ou yo ka gen aksè a.



Chwazi yon gadyen rezèv: yon moun ou fè konfyans pou pran swen pitit ou si yo arete w. Gadyen rezèv yo gen pouvwa pou pran desizyon enpòtan pou yon timoun y ap pran swen l, tankou gwo desizyon medikal ak desizyon sou ki kote timoun nan ap ale lekòl.

2

**Evite rantre nan pwoblèm ak
otorite yo.**

3

**Pa angaje nan okenn aktivite
kriminèl.**

Liy Dirèk Èd Legal Imigrasyon MOIA.



Rele 1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM - 6PM

**Entèpretasyon disponib nan lang ou
prefere.**

Pou èd legal imigrasyon gratis ak
konfidansyèl, imigran Nouyòk ka rele Liy Sipò
Legal Imigrasyon MOIA.

Liy Dirèk NYC 24/7.



Rele 311

Di "Imigrasyon"

Entèpretasyon disponib



**Mayor's Office of
Immigrant Affairs**

Ti liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Se
pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou
konsèy legal.

Nòt

www.nyc.gov/immigrants